



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EFÒ POU SEKIRIZE DLO PWÒP, FÈ PWOMOSYON REZISTANS KLIMATIK EPI PWOTEJE RESOUS NATIRÈL NEW YORK

Diskou sou Sityasyon Eta a pwopoze 500 milyon dola pou dlo pwòp, k ap mete investisman Eta a nan yon nivo rekò 6 milya dola epi diminye bòdwo dlo pou fanmi New York yo

Fè politik yo avanse pou ede Nouyòkè yo pwoteje kay, biznis ak enfrastrikti yo kont move tan

Reotorize pwogram Superfund Eta a pou akselere netwayaj epi reamenaje sit ki kontamine yo pou itilizasyon ki pwodiktif

Finanse pwosesis prezèvasyon ak modènizasyon teren pou ogmante aksè nan pak ak espas vèt, patikilyèman nan kominote ki defavorize yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon finansman 500 milyon dola pou dlo pwòp nan kad Diskou sou Sityasyon Eta a an 2025, k ap mete investisman eta a nan yon nivo rekò 6 milya dola. Angajman sa fè pati yon vizyon ki pi laj pou pwoteje dlo pwòp epi abòde dirabilite anviwònmantral atravè eta a. Gouvènè Hochul te mete tou inisyativ pou ogmante rezistans klimatik fas ak move tan epi ogmante aksè nan espas vèt, patikilyèman nan zòn iben ki defavorize yo. Efò sa yo pa sèlman pwomèt pou kreye djòb epi amelyore kalite anviwònmantral la men poze fondman tou pou yon avni ki pi sen, pi dirab pou tout Nouyòkè yo.

“Antanke Gouvènè, mwen rete angaje pou bati yon avni ki pi sen, pi dirab, epi rezistan pou chak Nouyòkè,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Lè nou envesti nan dlo pwòp, enfrastrikti vèt, ak rezistans, n ap pwoteje kominote nou yo, kreye djòb, epi abòde chanjman klimatik la. Efò sa yo poze fondasyon pou yon avni ki pi solid, pi ekita — youn kote dirabilite anviwònmantral ak byennèt kominote a ale men nan men.”

Envesti nan Enfrastrikti Dlo nou an

Gouvènè Hochul rekonèt bezwen presan pou pwoteje sante piblik, abòde defi anviwònmantral yo, epi asire ke dlo potab pwòp disponib pou tout Nouyòkè yo. Pou asire

sa, investisman ki dirab yo enpòtan anpil pou ede minisipalite yo reponn a bezwen dlo potab ki enpòtan anpil ak enfrastrikti egou yo.

Gouvènè Hochul ap pwopoze inisyativ enpòtan yo pou pwoteje enfrastrikti dlo a.

- **Investi 500 milyon dola** pou diminye bòdwo dlo, konbat inondasyon, restore vwa navigab yo, epi ranplase liy sèvis debaz yo pou pwoteje popilasyon ki vilnerab yo, patikilyèman timoun nan kominote defavorize yo.
- **Lanse yon pwogram pilòt** ki bay asistans finansye pou pwopriyetè pi prive yo teste epi aseni pi ki afekte pa kontaminan k ap emèje yo.
- **Kreye yon nouvo pwogram sibvansyon** ki fokalize sou ranfòsman matirite sibèsekirite dlo ak sektè sistèm dlo ize a pou bay asistans teknik ak finansman pou sistèm dlo ak dlo ize lokal ak gouvènman yo pou evalye pozisyon sibèsekirite yo nan fason ki efikas, devlope yon plan sibèsekirite, epi amelyore rezistans sibèsekirite yo.
- **Mande** Depatman Sante (Department of Health), Depatman Prezèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation), ak Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service) pou kòmanse elabore règ sibèsekirite minimòm pou sèvis piblik dlo ak dlo ize yo pou pwoteje fyabilite ak sekirite sèvis dlo ak dlo ize nou yo.

Ogmante Rezistans ak Garanti pou Nouyòkè yo kont Move Tan

Aprè yon seri gwo lapli, inondasyon, move tan, chalè etoufan, ak fredri, Gouvènè Hochul ap pwopoze plizyè aksyon pou New York pou kontinye konstui kominote ki pi rezistan epi adapte a enpak chanjman klimatik yo:

- **Ogmante epi Ranfòse Pwogram Rezistans ak Preparasyon yo.** Evènman move tan yo kite pwopriyetèkay New York yo nan bezwen reparasyon ijan ak mezi rezistans alontèm. Gouvènè Hochul ap ogmante finansman pou [Pwogram Repons Rapid pou Reparasyon Kay](#) ak [Pwogram Renovasyon ki Rezistan](#), ki te bay asistans vital, ede plis pase 1,300 pwopriyetè kay rekipere epi prepare pou katastwòf alavni.
- **Ede biznis yo rekipere apre katastwòf.** Gouvènè Hochul pwopoze modènize [Pwogram Kredi Enpo pou Retansyon Djòb la](#) pou pi byen sipòte biznis nan zòn ki afekte pa katastwòf yo. Pwogram ki ajou a ap diminye limit kalifikasyon an pou antre biznis ki gen 10 anplwaye oswa plis, k ap pèmèt ti biznis yo patisipe pou premye fwa. Ekspansyon Gouvènè a retire tou limit ki patikilye a endistri yo, k ap pèmèt tout biznis ki afekte yo chèche sipò apre yon evènman ijans.
- **Pwoteje Enfrastrikti New York.** Apiye siksè pwogram Sibvansyon [Rezilyans Ekolojik \(Green Resiliency Grant, GRG\) 2024 la](#), ki te finance 60 milyon dola pwojè ki pote transfòmasyon, Gouvènè Hochul pwopoze kontinye pwogram GRG a, ak finansman Lwa Obligasyon Anviwònman (Environmental Bond Act). Faz sa ap priyorize pwojè yo lè li ofri rediksyon risk ki enpòtan, tankou pavman chose, jaden lapli, ak sistèm retansyon dlo lapli, k ap ede kominote yo konstui enfrastrikti ki pi vèt, pi rezistan.
- **Investi nan Lekòl Endepandan yo:** Kot New York yo fè fas ak risk ogmantasyon risk move tan ak ogmantasyon nivo lanmè a, ki menase kominote ak ekonomi yo. Gouvènè Hochul ap lanse yon nouvo pwogram finansman

Depatman Deta (Department of State) pou sipòte solisyon ki baze sou lanati tankou amelyorasyon rivaj vivan ak ekosistèm yo. Additionally, expanded funding for projects identified in Local Waterfront Revitalization Plans (LWRPs) will help address flood risks and improve sustainability, creating more resilient waterfronts statewide.

Modènize Pwogram Superfund Eta a pou abòde erital polisyon an.

Gouvènè Hochul ap anonse yon plan pou reotorize epi modènize Pwogram Superfund Eta a ak nouvo zouti pou akselere netwayaj epi reamenaje sit ki kontamine yo pou itilizasyon ki pwodiktif, tankou fabrikasyon, enèji pwòp, lojman, ak redevlopman kominotè.

Pandan plis pase 40 an, Pwogram Superfund New York la te kontribye nan netwayaj sit dechè ki danjere yo epi pwoteje kominote yo. Men, kontaminan k ap emèje tankou PFAS ak devlopman k ap evolye yo mande modènizasyon pou asire pwogram nan rete efikas. Pou abòde defi sa yo, lwa ki ajou a ap priyorize sit ki poze yo, pi gwo risk sante piblik, espesyalman nan kominote ki defavorize yo ki fè fas ak polisyon nan nivo ki pa pwopòsyonèl.

Ogmante aksè pou espas vèt pou tout Nouyòkè

Gouvènè Hochul ap priyorize kreyasyon ak prezèvasyon pak ak espas ouvè yo patikilyèman nan zòn iben ak zòn ki defavorize yo. New York ofri opòtinite lwazi ak sòti anplennè enkwayab, soti nan Pik nan Wotè Adiwondidak yo rive nan Chit Niagara. Men, anpil kominote, patikilyèman zòn ki mal desèvi yo, mank aksè nan espas vèt ki bay benefis sante mantal ak byennèt.

Gouvènè a ap bay finansman pou prezèvasyon teren pou pwoteje espas ouvè yo, teren agrikòl, epi ranfòse aksè. Lè li rekonèt bezwen pou pwosesis ki rasyonnalize, Gouvènè a ap mete plizyè inisyativ kle:

- Modènize itilizasyon tit asirans pou akselere akizisyon teren
- Bay Depatman Prezèvasyon Anviwònmantral la otorite pou genyen fasilite prezèvasyon nan fason endepandan; epi
- Diminye tèt chaje finansye òganizasyon san bi likratif yo fè fas nan efò prezèvasyon teren yo

Chanjman ak investisman sa yo ap fasilite eta a pwoteje eritaj natirèl nou an nan fason ki pi efikas.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantral (Environmental Facilities Corporation, EFC) yo, Maureen A. Coleman, te deklare, "Ajenda dlo pwòp Gouvènè Hochul la ap ede kominote yo abòde bezwen enfrastrikti dlo ki pi presan yo, atravè inisyativ estratejik ak resous finansye ki nesès pou mete men nan pwojè ki pi enpòtan yo. Nouvo pwogram sibvansyon sibèsekirite a ap ede sekirize enfrastrikti enfòmatisèktè dlo a kont menas sibèsekirite ki ogmante yo ki gen potansyèl pou deranje sèvis enpòtan yo epi enpoze gwo depans nan kominote ki afekte yo. Gouvènè a te soutni angajman 500 milyon dola pou enfrastrikti dlo ki krisyal pou

pwoteje sante piblik Nouyòkè yo ak resous natirèl abondan nou yo, pandan n ap obsève enpak pozitif irefitab pwogram sibvansyon dlo EfC yo."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal Eta Nouyòk la, Sean Mahar, te deklare, "Gras ak angajman dirab ak investisman istorik Gouvènè Hochul pou sekirize kominote yo epi pwoteje resous natirèl yo, Eta Nouyòk sipòte pwoteksyon anviwònmantal, rezilyans, ak dirabilite nan nivo rekò. Pou apiye travay ki reyisi DEC ak anpil nan patnè nou yo te fè pou abòde polisyon, diminye pèt abita, epi konekte plis Nouyòkè ak opòtinite pou ale deyò, inisyativ ak investisman nan Diskou Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a an 2025, ki te anonse jodi a ap bay gouvènman lokal yo, òganizasyon kominotè, ak lòt pati ki konsène yo resous ki nesèsè pou ede atenn objektif anviwònmantal, ekonomik, lwazi, ak sante Eta a, ak resous ki nesèsè nan ane k ap vini yo."

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Li enpòtan anpil pou Depatman an pwoteje dlo potab piblik la. Mwen bat bravo pou angajman solid Gouvènè Hochul pou pwoteje piblik la epi sekirize disponiblite, kalite ak pri apwovizyonman dlo ki enpotan anpil."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, " Gouvènè Hochul pran mezi pou amelyore ekite nan sante epi pwoteje dlo potab - yon nesèsite debaz ak fondasyon bon sante. Atravè finansman sa, minisipalite yo ka fè pwojè amelyorasyon enfrastrikti yo pase de ide a demaraj k ap ede sekirize sante kominote yo pou ane k ap vini yo."

Komisè Tanporè Pak Eta Nouyòk la, Randy Simons, te deklare, "Chak jou pote nouvo rapèl sou bezwen pou modere enpak negatif chanjman klimatik la epi bay moun yo fason pou amelyore sante mantal ak fizik yo. Vizyon odasye Gouvènè Hochul pou ranfòse dirabilite anviwònmantal ak rezistans atravè eta a - epi konstui eritaj prezèvasyon teren Eta Nouyòk ak aksè ki elaji nan lwazi an plennè - enpòtan pou yon avni ki vital pou eta nou an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Dlo pwòp enpòtan anpil pou sante ak vitalite eta nou an, epi pwopozisyon Gouvènè Hochul pou pwoteje dlo New York epi ranfòse rezistans klima a ap favorize angajman nou pou yon avni ki pi dirab. Lè li mete plis finansman pou netwaye kontaminan epi ranfòse dlo ize eta a ak enfrastrikti kotyè, Gouvènè a ap sipòte apwoch estratejik pou rekipere epi renouvle sa k ap fè ekonomi nou an vin pi solid toujou."

Sekretè Deta Eta Nouyòk la, Walter T. Mosley, te deklare, "Investisman New York ki lidè nan peyi a nan enfrastrikti dlo ap kreye kominote ki dirab epi rezistan sou plan anviwònmantal, ekonomik epi sosyal nan tout Eta a. Angajman 500 milyon dola Gouvènè a ap kontribye pou fè pwojè ki pote transfòmasyon yo avanse k ap sipòte sante piblik, ranfòse rezilyans kominote a epi kreye travay ekolojik pou plizyè milyon Nouyòkè, kounye a epi alavni."

Ofisye Sibènetik an Chèf Eta Nouyòk, Colin Ahern, te deklare, "Lidèchip Gouvènè Hochul ap mete New York nan ban devan efò rezilyans sou plan nasyonal la. Etablisman règ sibèsekirite minimòm ak yon pwogram sibvansyon ki konsakre, fikse yon egzanp pisan pou lòt moun swiv. Inisyativ sa yo ap bay sèvis piblik yo konesans ak resous pou pwoteje Nouyòkè yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)